

# Nouvo Investisman Pou Fè Byen

26 septanm 2023

Chè Pwofesè, Pèsonèl ak Etidyan,

*Terps* yo enspire m chak jou atravè travay yo pou re-imaginer aprantisaj ak leve gwo defi limanite yo—soti nan alfabetizasyon, nan chanjman klimatik, nan aksesibilite dijital nan sante mondyal, jistis sosyal pou rive nan enèji renouvlab—nan fason ki gen yon enpak transfòmateur sou kominote nou an, nasyon nou an ak mond nou an. mond. Isit la nan University of Maryland, atravè Plan estratejik ***Fearlessly Forward*** Nou an, nou pran angajman pou nou investi nan travay elèv, pwofesè ak pèsonèl nou yo pou nou kreye solisyon pou yon mond ki pi ekitatif, pi dirab ak pi rezistan.

Angajman nou pataje pou fè byen an chita nan kè demach sa a. Nou fyè dèske nou se yon kanpis "Do Good", k ap devlope ak fè grandi pwogram ki chita sou sipòte tout *Terps* yo pou yo pran sa ki pasyone yo epi pou yo fè yon enpak. Jodi a, mwen kontan anonse plis investisman sou tout kanpis la pou ogmante lidèchip ak enpak inivèsite nou an pou avansman byen piblik la.

## Apèl pou Pwopozisyon pou Fon Kanpis la

Angajman nou pou nou ofri etidyan UMD yo yon eksperyans edikasyon san parèy se pilye tout sa n ap fè. **Nouvo *Do Good Campus Fund* nan ap sipòte efò pwofesè yo, anplwaye yo ak gwoup etidyan yo fè pou re-imaginer aprantisaj nan sal klas nou yo ak nan kominote nou yo** ansanm ak prensip aprantisaj "Do Good" yo, ki se: eksperyans, enklizif, inovatè, oryantasyon nan enpak sosyal ak nan sèvis limanite. Fon an ap atribye jiska \$320,000 pou ane akademik sa a, bay pwofesè ak pèsonèl k ap chèche amelyore pwogram akademik oswa paralèl ki chita sou enpak sosyal, ansanm ak gwoup etidyan ki ap chèche amelyore enpak sosyal yo. Fon an ap bay sibvansyon nan twa nivo soti \$5,000 pou rive \$50,000. ***Pwopozisyon pou Fon "Do Good Campus Fund" yo dwe depoze pou pi ta dimanch 5 novanm 2023.***

## **Prim Konsèy Direksyon an ak Inovatè Pwovizè a**

**Pou nou ka plis sipòte agrandisman "Do Good Campus" nou an, nou fèk fòme yon**

**Konsèy Direksyon Estratejik Do Good Campus** ki konpoze de yon gwoup enkwayab ansyen administratè prensipal kolèj, lekòl ak inite atravè kanpis la. Manm Konsèy yo pral sipòte operasyon Do Good Campus Fund yo, sipòte etidyan ki nan inite yo pou jwenn aksè ak opòtinite pwogram **Do Good Institute** k ap grandi yo, epi fè parèt nouvo opòtinite kolaborasyon pou avansman kanpis Do Good nou an.

Manm Konsèy yo ap responsab nominasyon ak atribisyon nouvo **Pri Inovatè Pwovizè a Pou Byennèt Sosyal** pou selebre enpak sosyal pwofesè yo ak pèsònèl la deja fè atravè kanpis la. Pri yo pral rekonpanse ekselans manm kominote kanpis la ki kreye, nourri, elaji ak anplifye enpak sosyal la atravè edikasyon, pwogram ak rechèch, andedan ak deyò sal klas la. Pwosesis nominasyon pou prim sa yo ap louvri nan otòn sa a pou pi ta.

## **Fè byen**

Travay nou pou fè byen se yon veritab transfòmasyon paske li chita sou kat angajman plan estratejik nou an—re-imaginer aprantisaj la, investi nan moun ak nan kominote yo, fè pwomosyon pou byen piblik la epi leve gwo defi limanite yo.

Mèsi pou angajman komen nou pataje nan pouwit ekselans ak enpak nou, pandan n ap travay ansanm pou nou chanje mond nou an pou tout bon.

Sensèman,



**Jennifer King Rice**

*Vis Prezidan Prensipal ak Dwayèn*

Li (Fanm)